



# DEMANN DOSYE DESÈ NAN FLORIDA

Vital Statistics – Lee County  
83 Pondella Road – North Fort Myers, FL 33903  
Phone: (239) 332-9572 – Website: <http://Lee.FloridaHealth.gov>



**Se sèlman dosye lanmò soti nan 2009 a Prezante yo disponib nan kote sa a. Ale nan Vitalchek.com bay lòd dosye lanmò anvan 2009.**

Li DEVAN AK DO demann sa a: Nenpòt ki moun gen dwa mande yon sètifikasyon lanmò. Lè w ap mande enfòmasyon sou kòz lanmò a tou epi lanmò a rive sa fè mwens pase 50 an, yon idantifikasyon ak foto valid dwe akonpaye demann sa a oswa si se yon demann pa kourye, ou dwe bay kopi idantifikasyon ak foto valid la, devan ak do; EPI aplikan an OSWA moun li reprezante a dwe yon moun elijib jan sa rezime nan lwa a (gade Elijibilite nan do fòmilè sila a). Ou dwe mete relasyon avèk defen an nan espas ki fèt pou sa a nan ba fòmilè sa a lè w ap mande kòz lanmò. Si aplikan an se yon antreprenè ponp finèb oswa yon avoka, gade enfòmasyon anplis yo anba **Elijibilite** nan do fòmilè sa a pou sèten demann sa a ranpli kòm sadwa.

**Men fòm idantifikasyon ki akseptab: lisans chofè, kat idantifikasyon eta a, paspò, ak/oswa kat idantifikasyon militè.** Lè w ap mande yon sètifikasyon desè san kòz lanmò OSWA si lanmò a te rive sa fè plis pase 50 an anvan demann nan, ou pa bezwen bay idantifikasyon ak foto.

### SEKSYON A: ENFÒMASYON SOU DEFEN AN

NON DEFEN AN	NON BATÈM		DEZYEM NON		SIYATI	SIFIKS
LÒT NON (SI SA APLIKAB)	SI L TE MARYE EPI SE TE YON FI, NON FI (si w konnen l)				SEKS	
DAT LANMÒ A	MWA	JOU	ANE (4 CHIF)	LÒT ANE POU CHÈCHE (Obligatwa <u>sèlman</u> lè ou <u>pa</u> konn ane egzak la)		Endike <u>avantay ane</u> pou chèche a
LYE LANMÒ A	LYE DESÈ VIL			LYE DESÈ KONTE		NIMEWO DOSYE NAN ETA A (si w konnen l)
NON MARI/MADANM SIVIVAN AN JAN LI ENSKRI NAN DOSYE DESÈ A (si sa aplikab epi si w konnen l)	NON BATÈM		DEZYEM NON		SIYATI (Non fi, si sa aplikab)	
NIMEWO SEKIRITE SOSYAL (si w konnen l)			NON MEZON FINÈB LA (si w konnen l)			

### ENFÒMASYON ENPÒTAN

**Nenpòt ki moun ki fè ekspres bay fo enfòmasyon sou yon sètifika, dosye oswa rapò ke Chapit 382, Lwa Florida egzije, oswa sou nenpòt ki demann oswa afidavi, oswa ki jwenn enfòmasyon konfidansyèl nan nenpòt ki Eta Sivil pou fo bi oswa bi malonèt, komèt yon krim twazyèm degre, k ap pini jan sa prevwa nan Chapit 775, Lwa Florida.**

### SEKSYON B: ENFÒMASYON SOU APLIKAN AN

Si y ap mande kòz lanmò, *tout aplikan* dwe bay relasyon yo avèk defen an; si w se yon antreprenè ponp finèb oswa yon avoka, ou dwe mete relasyon moun ou reprezante a. W ap jwenn kondisyon elijibilite yo nan do fòmilè sila a.

Non Aplikan an TAPE OSWA EKRI AN LÈT DETACHE	NON BATÈM, DEZYEM NON, SIYATI (AVÈK SIFIKS SI GENYEN)		SIYATI APLIKAN AN	
NIMEWO TELEFÒN LAKAY	ADRÈS POSTAL (METE NIMEWO APATMAN, SI GENYEN)		RELASYON AVÈK DEFEN AN	
LÒT NIMEWO TELEFÒN	VIL		ETA	ZIP KÒD
Antreprenè Ponp Finèb/Avoka kòm Aplikan pou Enfòmasyon sou Kòz Lanmò	NIMEWO LISANS/BAWO	NON MOUN OU REPREZANTE A		ak RELASYON LI AVÈK DEFEN AN

### SEKSYON C: ENFÒMASYON SOU FRÈ DEPATMAN SANTE KONTE A

QTY		(POU ADMINISTRASYON SÈLMAN)	
<u>Kòz lanmò</u> (fòm long)	<input type="text"/>	Audit Control No.:	<input type="text"/>
<u>SAN</u> kòz lanmò (fòm kout)	<input type="text"/>	Audit Control No.:	<input type="text"/>
TOTAL ÒDONE	0	x	\$11.00 =

**Kalite Peman akseptè:** Si w ap aplike nan Moun - Lajan Kach oswa kat kredi  
Si w ap aplike yo Voye pa Lapòs - Money Order oswa biznis Tcheke - peyab LCHD - **CHÈK PÈSONÈL YO PA AKSEPTE**  
**SI METE LÒD PA LAPÒS OU DWE METE YON KOPI DEVAN AK DÈYÈ NAN IDANTIFIKASYON FOTO OU.**

## ENFÒMASYON AK ENSTRIKSYON POU DEMANN DOSYE DESÈ

**DISPONIBILITE:** Lwa eta a pat egzije anrejistreman lanmò anvan 1917; sepandan, anpil lane te pase anvan nou te gen anrejistreman regilye. Malgre gen kèk dosye ki date depi 1877, se pat tout evènman yo ki te anrejistre.

### **ELIJIBILITE:**

**SAN KÒZ LANMÒ:** Yo kapab emèt yon sètifikasyon desè san kòz lanmò bay nenpòt ki moun majè (18 an).

**ENFÒMASYON SOU KÒZ LANMÒ:** Yo gen dwa emèt Kòz Lanmò pou nenpòt ki dosye ki gen plis pase 50 an bay nenpòt ki aplikan. Yo gen dwa emèt dosye desè ki gen mwens pase 50 an avèk enfòmasyon sou kòz lanmò bay moun sa yo sèlman:

- ♦ Mari/madanm oswa paran defen an;
- ♦ Pitit, granpitit, oswa frè/sè defen an, si yo majè;
- ♦ Nenpòt ki moun ki montre yon testaman, polis asirans oswa lòt dokiman ki demontre enterè l nan byen defen an, **OSWA**
- ♦ Nenpòt ki moun ki bay dokimantasyon ke l ap aji onon nenpòt nan moun ki nonmen pi wo yo.

Yon demann sètifikasyon desè ki gen ladan kòz lanmò a dwe deklare elijibilite ki kalifye a, oswa yon Afidavi pou Emèt Enfòmasyon sou Kòz Lanmò (DH 1959) notarye, ki disponib sou demann. Si lè w fin li enfòmasyon ki pi wo yo ou toujou pa sèten konsènan elijibilite w pou enfòmasyon sou kòz lanmò, rele biwo nou (904) 359-6900 ekstansyon 9000 pou asistans.

Yon antreprenè ponp finèb oswa avoka ki reprezante yon moun elijib jan sa defini pi wo a dwe mete nimewo lisans pwofesyonèl li, avèk non ak relasyon moun li reprezante a, si l ap mande kòz lanmò. Si li pa reprezante yon moun ki idantifye pi wo a antanke elijib pou resevwa enfòmasyon sou kòz lanmò, alòs yon Afidavi pou Emèt Enfòmasyon sou Kòz Lanmò (DH 1959) ranpli dwe akonpaye demann sila a. **NÒT ESPESYAL:** Grefye tribinal Florida yo pap aksepte dosye desè avèk enfòmasyon sou kòz lanmò ladan lè w ap soumèt nan tribinal siksesyon ak titèl.

**ENFÒMASYON NESESÈ:** Rechèch pa kapab fèt san non ak ane lanmò defen an. Si nenpòt nan lòt bagay yo mande devan fòmilè sa a pa disponib, lòt enfòmasyon idantifikasyon (tankou non paran, lye nesans, elatriye) kapab itil si gen plizyè dosye avèk non kouran.

**SIYATI APLIKAN AN:** Siyati aplikan an obligatwa, epitout non li, yon adrès rezidans ak nimewo telefòn valid.

### NON AK ADRÈS DEPATMAN SANTE KONTE A

Florida Department of Health in Lee County  
83 Pondella Road  
North Fort Myers, FL 33903  
Phone: (239) 332-9572

Lè yo ouvri: Lendi a Vandredi  
9:00 a.m. a 4:00 p.m.

Sit wèb: <http://Lee.FloridaHealth.gov>